



# Pa vin viktim fwòd nan imigrasyon

[www.uscis.gov/  
immigrationpractice](http://www.uscis.gov/immigrationpractice)



U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services

M-712 hc (09/08)



Ou mèt ranpli epi voye aplikasyon osnon petisyon ou an nan USCIS oumenm oubyen ou ka mande yon lòt moun ede w. Nan bwochi sa a gen ransèyman enpòtan ki kapab ede w pran yon bon desizyon lè w ap chèche èd pou ranpli aplikasyon osnon petisyon imigrasyon ou an.

Si w bezwen konsèy pou ede w decide ki aplikasyon ak ki petisyon imigrasyon pou w ranpli nan USCIS, se pou w pran kontak ak yon avoka oubyen yon reprezantan otorize k ap travay nan yon òganizasyon kalifye.

Anvan w decide pran yon avoka oubyen yon reprezantan otorize pou reprezante w ak aplikasyon osnon petisyon imigrasyon ou an, li enfòmasyon enpòtan an ki make nan pwochen paj a pou w verifeye si yo gen dwa reprezante w. Avoka ak reprezantan otorize a dwe ranpli Form G-28 epi tache li avèk aplikasyon oubyen petisyon USCIS ou a. USCIS va kominike ak yo sou demann ou fè a.

Si tout sa w bezwen se èd pou w ranpli seksyon vid swa nan aplikasyon an oswa nan petisyon an oubyen w bezwen èd nan tradiksyon dokiman w

ap remèt USCIS a, nenpòt moun ka ede w ak sa. Men moun sa a DWE ranpli epi siyen aplikasyon oubyen petisyon an pou l di li ede w nan preparasyon aplikasyon oubyen petisyon an paske ou mande moun sa ede w. Moun sa yo PA KA voye yon Form G-28 bay USCIS, epitou USCIS PA P kominike ak yo sou demann ou fè a.

Anvan w deside travay ak yon moun sou aplikasyon oubyen petisyon imigrasyon ou an, li ransèyman enpòtan nan do paj la ki eksplike w jan pou w anpeche ou viktim fwòd.

### **Men kijan pou w verifye si yon avoka oubyen yon reprezantan otorize kapab reprezantan legal ou devan USCIS :**

1. Avoka a dwe an règ avèk otorite legal leta nan Etazini (oubyen nan teritwa ameriken, « Commonwealth » ameriken, ak « District of Columbia ») epi li pa gen okenn desizyon tribinal ki anpeche li pratike metye avoka li. Pi bon jan pou w pwoteje tèt ou se mande avoka a montre w dokiman lisans avoka li. Ekri enfòmasyon sou lisans li a epi pran kontak ak biwo legal leta a pou w verifye si enfòmasyon li a ajou.
2. Yon reprezantan diplome dwe travay nan yon òganizasyon ki gen pèmision « Board of Immigration Appeals » (BIA) pou l bay konsèy jidisyè sou kesyon imigrasyon. Òganizasyon an dwe gen yon manda BIA ki bay reprezantan otorize a pèmision pou l ede moun ranpli aplikasyon ak petisyon imigrasyon. Pi bon jan pou w pwoteje tèt ou se pou w mande reprezantan otorize a pou li montre w manda BIA li a. Ekri enfòmasyon manda a epi rele BIA pou w verifye si enfòmasyon reprezantan an ajou.

#### **Si w bezwen èd, pran kontak ak :**

USCIS: 1-800-375-5283 (TTY 1-800-767-1833)

oubyen monte nan :

[www.uscis.gov/immigrationpractice](http://www.uscis.gov/immigrationpractice)

## Kijan pou w pwoteje tèt ou

1. **PINGA** w siyen okenn aplikasyon, petisyon ak lòt papyè ki pa fin ranpli.
2. **PINGA** w siyen okenn dokiman ou pa konprann.
3. **PINGA** w siyen dokiman ki gen enfòmasyon ki pa vre oubyen enfòmasyon ki pa kòrèk.
4. **PINGA** w peye okenn reprezantan ki pa ba w resi.
5. **MANDE** fotokopi tout dokiman ki ranpli é ke yo ki voye pou ou.
6. **VERIFYE** kalifikasyon tout avoka ak tout reprezantan otorize ki sipoze reprezante w.
7. **FÈ RAPÒ** bay USCIS, asosyasyon avoka leta a ak/oubyen biwo avoka jeneral leta a sou tout aktivite ki pa legal.

Si w bezwen plis ransèyman sou jan pou w anpeche ou vin viktim fwòd nan imigrasyon epi pou w konnen kijan pou w fè rapò sou aktivite ki pa legal, monte nan : [www.uscis.gov/immigrationpractice](http://www.uscis.gov/immigrationpractice)

### Si w bezwen èd, pran kontak ak :

USCIS: 1-800-375-5283 (TTY 1-800-767-1833)

oubyen monte nan :

[www.uscis.gov/immigrationpractice](http://www.uscis.gov/immigrationpractice)



**U.S. Citizenship  
and Immigration  
Services**